IQRO JURNALI , IQRO JOURNAL, ИКРО ЖУРНАЛИ
ISSN:2181-4341| wordlyknowledge.uz/index.php/iqro
Volume 24. Issue 02. Noyabr ,2026

ҚӘЎИПСИЗ ҲӘМ САЛАМАТ ЕЛ – ЖАРҚЫН КЕЛЕШЕК КЕПИЛИ: ЖАС ӨСПИРИМЛЕР АРАСЫНДА УРЛЫҚ ЖЫНАЯТЛАРЫНЫҢ АЛДЫН АЛЫЎ – БАРЛЫҒЫМЫЗДЫҢ ОРТАҚ ЎАЗЫЙПАМЫЗ

Г. Жумабаева
Кегейли районы ИИБ ЖХХ ҲПБ ВЕМБ
инспектор-психологи, аға лейтенант
https://doi.org/10.5281/zenodo.24146074

Жас әўладтың тәрбиясы, олардың ҳуқықый санасын қәлиплестириў, жәмийетте нызамға ҳүрмет руўхын күшейтиў ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў – бүгинги күнниң ең әҳмийетли ўазыйпаларының бири. Себеби жаслардың бүгинги тәрбиясы – жәмийеттиң ертеңги келбети, ал олардың дурыс жолды таңлаўы мәмлекеттиң жарқын келешегин белгилейди.

Усы мақсетте 2026-жыл 1-ноябрьден 1-декабрьге шекем республика көлеминде «Қәўипсиз ҳәм саламат ел» кең көлемли профилактикалық илажы өткерилмекте. Аталған илаж шеңберинде жас өспиримлер арасында ҳуқықбузарлықлар, соның ишинде урлық жынаятларының алдын алыў, олардың нызамға ҳүрмет сезимин арттырыў, жынаятшылыққа алып келиўи мүмкин болған себеп ҳәм шәрт-шараятларды анықлаў бойынша түсиндириў ҳәм профилактикалық жумыслар алып барылмақта.

Жаслықтағы бир қәте – келешекке тәсир етиўи мүмкин

Жас өспиримлик дәўири – адамның психологиялық жақтан қәлиплесиўинде ең әҳмийетли басқышлардың бири. Бул дәўирде бала өз бетинше шешим қабыллаўға умтылады, досларының пикириниң тәсирине тез берилиўи мүмкин, үлкенлердиң ҳәр бир сөзи ҳәм өзине болған қатнасына сезгир болады.

Психология илиминде Л.С. Выготскийдиң жас өзгешеликлери ҳәм раўажланыў ҳаққындағы илимий көзқараслары, А.С. Макаренконың тәрбия теориясына байланыслы мийнетлери жас әўладты тәрбиялаўда орталықтың, шаңарақтың ҳәм жәмийеттиң тәсири үлкен екенлигин түсиниўге жәрдем береди.

Сонлықтан жас өспиримлер арасында ушырасатуғын урлық сыяқлы ҳуқықбузарлықларды тек ғана олардың жеке ҳәрекети сыпатында қараў жеткиликсиз. Оның келип шығыўына шаңарақтағы тәрбия, қадағалаўдың жетиспеўи, терис дослық орталығы, бос ўақыттың мазмунсыз өтиўи ҳәм ҳуқықый билимниң төменлиги сыяқлы факторлар да тәсир етиўи мүмкин.

Урлық – биреўдиң мүлкин нызамсыз түрде ийелеп алыўға қаратылған жынаят болып, ол жәбирлениўшиге материаллық зыян келтириў менен бирге, адамлар арасындағы исенимге де зыян жеткереди. Әсиресе, жас өспиримлердиң бундай ҳәрекетлерге барыўы олардың келешегине керисинше тәсир етиўи мүмкин.

Ҳәр бир жасқа бир нәрсени анық түсиндириўимиз керек: өзгениниң мүлкине ҳүрмет пенен қараў – бул тек нызам талабы емес, ал адамгершилик ҳәм тәрбияның да белгиси.

Ҳуқуқый билим – жынаятшылыққа қарсы ең күшли қорған

Өзбекстан Республикасы Конституциясында нызам үстинлиги, адамның ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, барлық пуқаралардың нызам алдында теңлиги принциплери белгиленген.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасының «Бала ҳуқықларының кепилликлери ҳаққында»ғы Нызамы ҳәм «Ҳуқықбузарлықлар профилактикасы ҳаққында»ғы Нызамы жаслардың ҳуқықлары менен мәплерин қорғаў, олардың арасында ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўда әҳмийетли ҳуқықый тийкар болып хызмет етеди.

Жынаят кодексинде урлық ушын жуўапкершилик белгиленген. Жас өспиримлерге бул талапларды олардың жас өзгешеликлерине сай, түсиникли ҳәм турмыслық мысаллар арқалы түсиндириў зәрүр.

Себеби нызамды билиў – оны бузыўдан сақланыўдың дәслепки қәдими. Ҳуқықый санасы қәлиплескен жас өз ҳуқықларын ғана емес, ал жуўапкершиликлерин де жақсы түсинеди.

Шаңарақ тәрбиясы – профилактиканың басланғыш буўыны

Бала тәрбиясы ең дәслеп шаңарақтан басланады. Ата-ананың перзентине болған итибары, күнделикли қарым-қатнасы, оның дослары, қызығыўшылықлары ҳәм бос ўақтын қалай өткерип атырғанынан хабардар болыўы үлкен әҳмийетке ийе.

Ата-аналар балаларына тек материаллық тәмийинлеў менен шекленбей, олардың руўхый дүньясына да итибар бериўи керек. Перзентиниң қандай машқаласы бар, кимлер менен дос, қандай ортада ўақтын өткереди – булардың барлығы ата-ананың нәзеринде болыўы тийис.

Ата-ананың бала менен ашық сөйлесиўи, оның пикирин тыңлаўы, қыйыншылықларына түсиник пенен қараўы көплеген келеңсиз жағдайлардың алдын алыўға жәрдем береди.

Бул мәселеде А.С. Макаренконың тәрбия ҳаққындағы мийнетлеринде айтылған шаңарақтағы тәртип, талапшаңлық ҳәм ата-ананың жеке үлгисиниң әҳмийети бүгин де өз мәнисин жоғалтқан жоқ.

Жаслардың күшли тәреплерин қоллап-қуўатлаў – дурыс жолға бағдарлаўдың әҳмийетли усылы

Өз хызметим барысында жас өспиримлер менен өткерилетуғын ушырасыўларда олардың тек кемшиликлерин атап өтиў менен шекленбей, жақсы қәсийетлерин, уқыплылықларын, қызығыўшылықларын ҳәм күшли тәреплерин де айрықша атап өтиўге ҳәрекет етемен.

Себеби ҳәр бир баланың өзине тән қәбилети, арзыў-үмитлери бар. Биреў спортқа қызықса, екиншиси илимге, ал тағы биреўи өнерге умтылады. Усындай қәбилетлерди анықлап, оларды пайдалы бағдарларға бағытлаў жаслардың бос ўақтын мазмунлы шөлкемлестириўге жәрдем береди.

Профилактикалық жумыслардың нәтийжелилиги тек түсиндириў илажларының саны менен емес, ал жаслардың санасында қаншелли оң өзгерис пайда болғаны менен өлшенеди.

Сонлықтан бизлер жаслар менен жеке-жеке сөйлесиўге, олардың пикирин тыңлаўға, исенимли байланыс орнатыўға ҳәм ҳәр бириниң тәғдири менен қызығыўға айрықша итибар бериўимиз керек.

«Қәўипсиз ҳәм саламат ел» – ортақ мақсет жолындағы биргеликтеги хызмет

Кең көлемли профилактикалық илаж даўамында мектеплерде, мәҳәллелерде, шаңарақларда жас өспиримлер ҳәм ата-аналар менен ушырасыўлар өткериў, урлық жынаятларының келип шығыў себеплери ҳәм оның ҳуқықый ақыбетлери ҳаққында түсиндириў жумысларын күшейтиў зәрүр.

Айрықша, жаслардың арасында бөтенниң мүлкине қол сұғыўдың, биреўдиң затын рухсатсыз алыўдың, досларының терис тәсирине ергесиўдиң ақыбетлери ҳаққында турмыслық мысаллар тийкарында түсиндириў жумысларын алып барыў үлкен әҳмийетке ийе.

Бул бағдарда ишки ислер органлары, билимлендириў мекемелери, мәҳәлле белсендилери ҳәм ата-аналардың өз-ара биргеликтеги хызмети профилактиканың нәтийжелилигин арттырады.

Менин пикиримше, бир жас өспиримди жынаят жолынан қайтарыў – тек бир ҳуқықбузарлықтың алдын алыў емес, ал бир баланың келешегин, бир шаңарақтың тынышлығын сақлап қалыў деген сөз.

Жасларға ўақытында берилген ақыл-кеңес, көрсетилген исеним ҳәм бөлинген итибар олардың өмир жолында дурыс таңлаў жасаўына себеп болыўы мүмкин.

Сонлықтан «Қәўипсиз ҳәм саламат ел» кең көлемли профилактикалық илажы шеңберинде алып барылып атырған жумыслар тек бир ай менен шекленип қалмастан, күнделикли хызметимиздиң әҳмийетли бағдарларының бири болыўы керек.

Жаслар – жәмийеттиң келешеги. Олардың ҳәр бирин жынаятшылықтан сақлаў, ҳуқықый санасын арттырыў ҳәм дурыс тәрбия бериў – барлығымыздың ортақ жуўапкершилигимиз!

ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. Өзбекстан Республикасы Конституциясы. – Ташкент, 2023.
2. Өзбекстан Республикасының Жынаят кодекси.
3. Өзбекстан Республикасының «Ҳуқықбузарлықлар профилактикасы ҳаққында»ғы Нызамы, 2014-жыл 14-май.
4. Өзбекстан Республикасының «Бала ҳуқықларының кепилликлери ҳаққында»ғы Нызамы, 2008-жыл 7-январь.
5. Выготский Л.С. Психология развития человека. – Москва.
6. Макаренко А.С. Книга для родителей. – Москва.
7. Бандура А. Теория социального научения. – Englewood Cliffs, 1977.